# Т.ҚАЙЫПБЕРГЕНОВТЫҢ «ҚӘЛБИМНИҢ ҚАМУСЫ» ШЫҒАРМАСЫНЫҢ ЖАНРЛЫҚ ӨЗГЕШЕЛИГИ

**К.Г.Матимов** – *филология илимлери бойынша философия докторы, доцент*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

# ЖАНРОВЫЕ ОСОБЕННОСТИ В ПРОИЗВЕДЕНИИ Т.КАЙИПБЕРГЕНОВА «КАЛБИМНИН КАМУСЫ»

**К.Г.Матимов** – *доктор философии филологических наук, доцент*
*Нукусский государственный педагогический институт имени Ажинияза*

# GENRE FEATURES IN THE WORK OF T.KAYIPBERGENOV «QALBIMNIN QAMUSI»

**K.G.Matimov** – *Doctor of Philosophy in Philological Sciences, Associate Professor*
*Nukus State Pedagogical Institute named after Ajiniyaz*

**Таянч сўзлар:** роман-эссе, эссеистика, эссе, жанрлар трансформацияси, репортаж-эссе, «Қалбимнинг қомуси» асари, диний-фалсафий асар.

**Резюме.** Мақолада Т.Қайипбергеновнинг мустақиллик давридаги ижодига, айниқса, ёзувчининг «Қалбимнинг қомуси» асарининг жанр хусусияти, композицияси ҳақида фикр юритилади. Шундай қилиб, ёзувчи ижодида роман-эссе жанрининг анъанага айланиши ва бу жанр ҳақида илмий-назарий фикр юритади.

**Ключевые слова:** роман-эссе, эссеистика, эссе, трансформация жанров, репортаж-эссе, произведение «Калбимнинг камусы», религиозно-философское произведение.

**Резюме.** В статье рассматривается творчество Т.Каипбергенова в период независимости, в частности, жанровое своеобразие и композиция произведения писателя «Калбимнинг камусы» Таким образом, он проводит научно-теоретическую дискуссию о становлении жанра романа-эссе традицией в творчестве писателя и об этом жанре.

**Key words:** novel-essay, essay writing, essay, genre transformation, reportage-essay, «Qalbimning qamusi», religious-philosophical work.

**Summary.** The article discusses T.Qayipbergenov's work during the independence period, particularly the writer's work «Qalbimning qamusi» (Word of My Heart), with its unique genre and composition. Thus, the author explores the transformation of the novel-essay genre into a tradition in his work and provides a scholarly and theoretical overview of this genre.

**Кирисиў**. Бүгинги қарақалпақ прозасы ғәрезсизлик дәўирге келип тарийхый-мәдений, социал-руўхый, психологиялық, философиялық контекстте қайта оянып, өзиниң тарийхый тамырларына қайтып атырған миллий әдебий-эстетикалық ой-пикирлер роман шеңберинде заманагөйлеспекте. Жанр әмелиятында орын алып атырған эстетикалық жаңаланыўларға таянып айтыў мүмкин, эсте-эсте синтетизм ҳәм дифференциация процесслерине де өтпекте. Миллий романларымыздың жанрлық белгилери, композициясы, сюжети, образлар дүньясы ҳәм басқа да поэтикалық усыллары тынымсыз жаңаланыў басқышына ийе болмақта. Солай етип, роман киши жанрларды ҳәм басқа да көркем бирликлерди жутып жибериў арқалы синтетикалық түс алмақта. Соңғы дәўирдеги қарақалпақ прозасында дүнья әдебиятының үлгилери орын алып, роман-эссе, повесть-эссе ҳәм т.б. қоспа жанрлар пайда болып, эсселесиў процеси раўажланбақта.

**Әдебиятлар анализи ҳәм метод.** ХХ әсир қарақалпақ әдебиятында тарийхый романлары, лирико-психологиялық повестлери менен терең из қалдырған атақлы жазыўшы Т.Қайыпбергенов ғәрезсизлик заманына келип роман дөретиўде жаңа бағдар жаратты. Жазыўшының қәлемине тийисли «Қарақалпақнама», «Қәлбимниң қамусы», «Түркийнама», «О дүньядағы атама хатлар», «Қарақалпақпан, тәўекелшимен» деп аталған реалистлик-дидактикалық, диний-философиялық бағдарда, заманагөй роман-эссе жанрында шығарма дөретти.

Пүткил дүнья әдебияттаныў илиминде жанр типологиясы өзгериске ушырап, жаңаланып отырыўы заңлы қубылыс еди. Әсиресе, бул эссе жанры менен трансформацияланған шығарма түрлеринде анық сезиледи. Сонлықтан да роман-эссениң тәбиятын анықлаў ушын, алды менен онын жанрлық қәсийетине ҳәм эссе жанрының өзине тоқтаўға туўра келеди. Романда сюжет характерлердиң ашылыўы, қаҳарманлардың өз ара қарым-қатнасынан келип шықса, эсседе сюжет сезимге тийкарланады. Усы сыпатлы белгилердиң жаңа дәўир прозасында әҳмийетли әдебий қубылыс болғанлықтан, роман ҳәм эссениң бирлесиўине, бир жанрға айланыўына, өз алдына қоспа жанр сыпатында пайда болыўына алып келди.

Эссеистика – Европа классикалық әдебиятының дәстүрлерине умтылған ХХ әсирдеги дүнья әдебиятында пайда болған

қубылыс. Жаңа дәуир талабы ҳәм руўхый зәрүрликлерине байланыслы жаңа проза, жаңа стиль, жаңа бағдар керек еди. Эссе өзине бүгинги, өткен дәуир ҳәм келешекти шынлық пенен қайта жанландырыўға бағдарланған баянлаўлар, күнделиклер, дереклер, саяхат жазбалары, биография менен автобиографиялар, мемуаристика, эпостолография сыяқлы лирикалық шегинис пенен проза түриндеги жанрларды өз ишине қамтыйды. Эссеистикада философиялық уғыныў мотиви турақлы түрде ушырасады.

Жанрлар трансформациясы мәселесине байланыслы роман-эссени үйрениў барысында романның да, эсссениң де, бир ўақытта – Европа ренессанс – Ояныў дәўиринде пайда болғанлығын умытпаўымыз керек. Тек эссе жанры оның қәлиплесиў басқышлары, поэтикасы ҳәм көркемлик өзгешеликлери романға салыстырғанда аз изертленди. 1970-жыллары экспериментал роман мәселелерине арналған халықаралық конференцияда «Эссе ҳәм романлар» деген темада баянат жасаған Джорджо Манганелли: - «…роман ҳақыйқатқа жақын ўақыялар кеңнен баянланған көркем шығарма деп түсинетуғын болсақ, онда роман маған онша қызық емес, ол маған зериктириў сезимин пайда етеди…, ...бүгинги күнде бул жанр сондай түскинликке түскен, қайта тиклениў туўралы да сөз болыўы мүмкин емес...» [4:57-73] - деп кескин пикир билдиреди. Роман жанр сыпатында жоқ болып баратыр деген пикир оғада даўлы болып, оған рус әдебий сыншысы А.Бучис: - «...ҳәзирги заман романы қәўип-қәтер шеңберинде, ҳәтте өзиниң эпикалық «ыдыраў» ҳәм жанрлық «тозыў» ҳалатына дус келмекте. ...жәмийетлик-турмыслық, психологиялық, философиялық-концептуаллық очерк сыяқлы өзгешеликлерин нәзерде тутады...» [2:50-57]- деп романның келешеги туўралы көзқарасын билдиреди. Усы мәселелерди итибарға алған ҳалда, сыншының пикириндеги «очерклилик» дегени, биз бүгин айтып атырған «эссешилик» деп түсиниў мүмкин. Басқа да алымлар жанр формаларының араласыўынан, романның эстетикалық өзгериўшеңлик қәсийети деп биледи. Бул мәселе бойынша усы дискуссияқа қатнасқан жазыўшы Н.Анастасьев: «…эсте-ақырын роман өзиниң химиялық қурамын өзгертти ҳәм ҳәзирги ҳалатта ҳүжжетли, социологиялық есаплаўлар, поэзия, естеликлер, эссе сыяқлы т.б. бирикпелерден ибарат» [1:62-95] - деп пикир билдиреди. Шығыс әдебиятында ўақыяларды талқылаў процессинде автордың интелектуаллық потенциалы бас қаҳарман ўазыйпасын атқаратуғын эссе жанрына тән болған жанрлар әзелден бар еди [7:3]. Алымлардың пикирине қарағанда әййемги битик тастағы жазыўлар (мәселен, «Орхон-Енисей жазыўлары» ҳәм т.б.) «Авесто», «Огузнама», «Муҳаббатнама», «Қорқыт ата китабы», «Қудадгу билиг» ҳәм т.б. тарийхый-әдебий жазба естеликлерде эссе жанрына тән белгилер ушырасады [6:9]. Заҳириддин Муҳаммед Бабурдың «Бабурнама» деп аталған шығармасында синкретикалық характерди аңлаған Сайди Умиров шығармада илим, көркемлик (әдебият), әдебий критикалық, очерк ҳәм эссеге тән белгилер уйғынласқанына итибар қаратады [8:76-79].

**Талқылаў**. Т.Қайыпбергеновтың «Қәлбимниң қамусы» шығармасы роман-эссе жанрында дөретилген. Бирақ, жазыўшы шығарманың жанрлық атамасын «Ҳәр қыйлы гүбирли-сыбырлылар менен даналықлардан репортаж-эссе» деп атаған. Бундай деп атаўының мәниси шығармада атасы менен хат алысыўы, түрли даналықлар, автобустағы, жаназадағы, ошақ басындағы, дем алыў бағындағы, жыйналыс өтип атырғандағы гүбирли-сыбырлылардан, дәрўишлердиң нәсиятларынан ҳәм өзиниң ишки кеширмелери, монологларын репортаж усылында баянлаған. Шығарманың структурасы сегиз дәптерден ибарат болып, өзи жасаған дәўирдиң гүўасы сыпатында барлық аласапыран ўақыяларды оқыўшының алдына жайып таслайды. Не ушын үш, бес яки тоғыз дәптер емес, сегиз дәптерден ибарат деген сораўға жазыўшының адасы "*Өзбекстанның, Қарақалпақстанның мәмлекетлик герблериниң жоқарысында сегиз мүйешли жулдыз бар. Бул биз жасаған төрт тәрепли (арқа, қубла, шығыс, батыс) жерге төрт тәрепли космос әлеми қосылып, сегиз тәрепли болғанының яғный Аллатаала жаратқан жер менен аспан әлеминиң қосылып бир пүтинликти билдириў нышаны. ...екинши Қытай халқының үрп-әдетлеринде "8" деген сәне – "байлық", "асып-тасқан байлық" деген мәнисти аңлатады*" деп жуўап береди. Жазыўшының бул шығармасында әпсана, рәўият, ертек, ҳикметли сөзлер, ушырма сөзлер ҳәм т.б. киши жанрлар, публицистикалық сыпатлар (репортаж, очерк, хат) роман сүйегине қарысып, жазыўшының жеке көзқараслары, ой-пикирлери ҳәм де тарийхый дәлиллеўлер менен синтезлесип, философиялық мазмунды тереңлестирип, эстетикалық тәсиршеңликти асырыўға хызмет етеди.

Жазыўшы роман-эссени 8 дәптерге бөлип, ҳәр бир дәптердеги ҳәр бир ўақыя бир-бирин толықтырып, бир тутас сюжетлик композиция жаратып, белгили бир динамикалық байланысқа бағындырған. Ҳәр бир дәптердиң (бөлим) кириспесине «Қуран», «Ҳәдис» сыяқлы муҳаддес китаплардан, халық даналығы, данышпанлар, алымлар ҳәм жазыўшы-шайырлардың даналық пенен айтылған итибарлы пикирлеринен эфиграф келтиреди. Бул эфиграфлар дәптерлердиң

тийкарғы мазмунын ашып бериў менен бирге автордың нийетин көрсетеди. Сондай-ақ, оқыўшыға шығарма ҳаққында қызығыўшылық туўдырыўда, дәслепки түсиникти жетилистириўге бағдарлайды. Пикиримизди дәлиллеў ушын төмендеги эфиграфларға итибар қаратайық. Мысалы;

*«Әй, мөминлер, Сизлер өз ара сыбырласып сөйлескениңизде гүна ҳәм зорлық жөнинде, пайғамберге ҳүрметсизлик көрсетиў жөнинде сөйлеспеңлер. Сизлердиң сөзлериңизди Аллатаала еситип турады. Оннан қорқыңлар»* (Қуран 58-сүре, 9-аят).

*«Ашық кеўилли ҳәм кәмалатқа ерискен инсанның қәлбинен басқа нәрсени сыр сандығы қылма...»* (аз-Замахшарий).

*«Көзлериңди жумсаң, қәлбиң көзлериңе айналады»* (Халық даналығы) [3:3].

Мине, усы эфиграфлардың ислетилиўиниң өзи де шығарманың заманагөй роман трансформациясы, семантика-структуралық қатламының эсселесиў принциплери ҳәм Шығыс-ислам әдебий-эстетикалық дәстүрлери менен уйғынласыўын тәмийинлейди. Шығармада тарийхый философия, өтмишти аңлаў, ҳақыйқатлық, шынлық ҳәм ғайры тәбийғыйлық өз ара бир-бири менен үйлесимли усылда сәўлеленеди.

**Нәтийжелер**. Бул дөретпе тек ғана қарақалпақ әдебиятында ғана емес, Орайлық Азия халықлары әдебиятының көркем-эстетикалық ой дүньясында үлкен әдебий қубылыс болды. Демек, соның ушын П.Нуржанов: - «Т.Қайыпбергенов тек ғана қарақалпақ прозасында емес, ал, ҳәзирги Орайлық Азия халықлары әдебиятында биринши болып роман-эссе жанрын дөретти» [5:10] - деген еди. Шығарманың баянланыў қурылысында ишки монолог, еске түсириў сыяқлы психологиялық сүўретлеў қураллары ҳәм адасы (кишкене Төлепберген) менен хат алысыўы, диалоглық усыл кең қолланылған. Бунда қарақалпақлардың әййемги ҳәм жақын өтмиши, халқымыздың XX әсирдеги тар ҳәм тайғақ кешиўлери, гейде ишки гүйзелислери, дебдиўлери, толғаныслары дидактикалық-философиялық концепцияда ашып бериледи. Биз бул шығармада реминисценция (латынша reminiscentia – еске түсириў, еслеў) ҳәдийсесин де ушыратамыз. Былайынша айтқанда жазыўшы шығарманың айырым орынларында Конфуций, Нажимаддин Кубра, Ҳәким Термизий, Ахмет Яссаўий, Әбдирахман Жәмий, Бабарахим Машраб, Пушкин, Николай Карамзин, Бердақ ҳәм т.б. әскерий саркардалар, ханлар, патшалар, философлар, психологлар, социологлардың шығармаларынан ядында сақланып, мөрленип қалған даналық пикирлерин еслейди. Цитаталар қосық қатарлары арқалы, гейде көркем-әдебий, илимий-теориялық пикирлерден ибарат. Философиялық, эстетикалық, сиясий-социаллық, әдебий-көркем мазмундағы силтеме-цитаталарды еслетиў арқалы жазыўшы өзиниң ишки кеширмелерине идеялық, тематикалық ҳәм эмоционаллық жақтан жақын мотивлерге ишара етеди.

**Жуўмақ**. Улыўма алғанда Т.Қайыпбергеновтың қәлемине тийисли «Қәлбимниң қамусы» деп аталған роман-эссеси халқымыздың өтмиши менен бүгинги күнин жаңаша пикирлейтуғын шығармасы болып табылады. Шығыс әдебиятында қамусий-энциклопедиялық шығармалар дөретиў дәстүри әзелден бар еди. Атап айтқанда, Қәй-Қабустың “Қабуснама” шығармасы, Юсуп Ҳас Ҳажибтиң “Қутадгу билик” ҳәм т.б. усыған усаған шығармаларды атап өтиў орынлы. Жазыўшы бул шығармасында өзиниң жеке көзқарасларын ҳәм илимий-теориялық, тарийхый, психологиялық, педагогикалық, философиялық идеяларын жаңаша усылда гейде репортаж, уллы данышпанлардың цитаталары менен әпсана, рәўият мазмунына сиңдирип жибереди. Жазыўшының бул роман-эсселерин изертлеў әдебияттаныў илиминиң әҳмийетли мәселелериниң бирине айланбақта. Роман-эсселерди изертлеўде рус әдебияттаныў илиминдеги структурализм ағымы қол келеди. Бул ағымның белгили ўәкили М.Бахтинниң роман жанрының теориясына арналған мийнетлериндеги концепцияларды басшылыққа алыў, әсиресе, полифония, диалогизация, стиллик көп қатламлылық ҳәм т.б. мәселелерди үйрениў мақсетке муўапық.

**Әдебиятлар**


1. Анастасьев Н. Открытая книга жизни (заметки о современном романе). // Вопросы литературы, 1978. №12. – С. 62-95.
2. Бучис А. Исследовать реальные процессы. // Вопросы литературы, 1978. №12. – С. 50-57
3. Қайыпбергенов Т. Қәлбимниң қамусы. – Нөкис: «Билим», 2008.
4. Манганелли Джорджо. Эссе и «романы». Перевод с итал. Н.Ставровской. // Иностранная литература, 1992. №4. – С.57-73.
5. Нурнжанов П. Ғәрезсизлик дәўириндеги қарақалпақ прозасы. – Нөкис: «Билим», 2003.
6. Палуанов Б.А. Қарақалпақ әдебиятында эссе жанры (Жанрдың пайда болыўы ҳәм қәлиплесиўи, шеберлик мәселелери). – Филол. фан. номз... дисс. автореф. – Нукус: 2002. 9-б.
7. Раҳимжонов Н. Илмий тафаккур жилолари. – Тошкент: «Фан», 1991.
8. Умиров С. “Бобурнома” – бадиий мақоланависликнинг гўзал намунаси. // Жаҳон адабиёти, 2003. №2. 76-79-б.